


# HANZU YEKUSIIRWA NEMUMWE

 Ndanga ndingorimo pamwe namufundisi. Ndikati... Ndakavakumbira nezuro kuti vandifonere. Uye ndakazooka kuti, ndakango...Zuva rose, hapana kana nhare dzakapinda, zvino ndakafunga, “Zvinoka, hameno kuti chii chaitika? Pane chinhu...Panongova nerunyararo pazvinhu zvese.” Zvino mushure mechinguva, Hanzvadzi Wood vakauya nechitsamha chenhare. Foni yangu yainge yatofa, saka, kana paine mumwe wenyu akanga afona. Foni yairira, asi yakanga isinganzwike imomo, saka dambudziko racho raive zasi ku switchboard. Vakaigadzira dzinenge 8 o'clock husiku hwapfuura, kana kuti tingati nguva shoma dzisati dzakwana, uye, foni, nhare dzave kupinda zvino.

<sup>2</sup> Tinofara kuva mushumiro mangwanani ano. Ndine dziwa rinotyisa, iro rinowanzondibata pandinouya kumba. Uchichakwaira hako nemumazaya echando anosvika muchiuo mako, nekurara kunze usiku. Handimbofunga nezvazvo ndisiri kuno, asi kungoyambuka chikomo icho paNew Albany, ndizvo zvoga zvaunofanira kuita, kungopinda mumupata uno, kwave kutobva ndabatwa nedzihwa rakaipa. Uye i...Handizive, pane chimwe chinhu chiri mumupata uyu kuno chinokuita kuti kugare kuchitonhora. Uye kwakaderera, zvino hakuwirirane neni zvachose.

<sup>3</sup> Zvino, tinofara kuva pachechi, sezvandambotaura, uye nekunzwa mufundisi vedu vakanaka vachipa shoko ravo rokutikumbirira, zvino kuna Ishe Jesu. Uye—uye nekunzwa, zvinosuwisa kunzwa kuti vazhinji vanorwara uye vanoshaiwa, uye kuti dhiabhore ari mubishi rekurwarisa munhu wose.

<sup>4</sup> Zvino mumwe mudzimai wechidiki asimuka nekuda kwemukoma wake kumashure uko, uye ndinoziva Hanzvadzi Sauer vari zasi uko vaiva navo. Chiremba akamuti aende kumba kuti anofa hake. Zvino achiri kutenda kuti achapodzwa. Uye ari muchimiro chakaomarara, chakaoma zvikuru. Ambhuya vangu, zvimwe chetezvo, makore 70 okuberekwa iye zvino. Vari muchinhano chakashata zvikuru. Uye zvechokwadi mune hurwere hwakawandisa munyika yose. Uyezve kune Mweya Mutsvene kwese munyika yose, munoona, unopodza hurwere hwedu, kana tikangowanirwa nyasha naYe.

<sup>5</sup> Uye zvino, nekuda kwekuti pahuro pangu pari kurwadza, kwete kurwadza, asi pakakwasharara. Uye handisi kuzoedza kuparidza, asi kungotaura nemi kwechinguva kubva muShoko, ndozopinda mukunamatira vanorwara, izvo zvandakavimbisa kuzoita. Asi ndisati ndaita izvi, ndinoda kuzivisa nezvemimwezve misangano. Ini...

<sup>6</sup> Mushumiro dzangu ndakava nekakupikiswa zvishoma ke...kwete kupikiswa, asi kakusangonzwiswa zvishoma. Uye nguva zhinji, ini—ini handina zvinoburitsa mharidzo dzangu kunze, se—sezvine dzimwe hama zhinji dziri mumunda wekuvhangeri, zvakadai seredhiyo neterevhizheni, nemagazini nezvimwe zvakadaro. Uye mukudaro, handiti, mumwe munhu anogona kuti, “Hama Branham vari kuzouya kuno.” Izvozvi ndakatoshambadzwa munzvimbo 3 musvondo rino, angori nhasi uno, nzvimbo 3 dzakasiyana. Kumwe zasi kuKentucky, kuviri muCalifornia, kwandiri kuziva ini. Uye hapana zvaungaite nezvazvo, nekuti handina chimwe chokushambadzisa chiri pamutemo, saka zvinoita kuti zviome.

<sup>7</sup> Zvino, ehe, kana paine mumwe munhu anobva zasi kuMadisonville, Kentucky, pano. Zvakaziviswa kuti ndaizovako svondo rapfuura, uye hapana kana chandaiziva nezvazvo. Zvino ndakasvika kumba, uye—uye vakanga vazvizivisa; uye hama yakazviita, yainzi Epley, kana kuti, ndinotenda kuti ndiro raiva zita ravo, nekutenda kwese kwakanaka, yakazviita. Vakandifonera vachikumbira kana ndingauyeko kuti—kuti ndive ropafadzo uye nekuwanawo ropafadzo kubva kuvanhu vavo. Uye vakafona. Ndakavati vabvunze Hama Moore. Zvino, saka, ndakabva ndaenda parwendo. Ndakavaudza kuti ndaifanira kuenda zuva iroro. Zvinoka, Hama Moore vakatadza kuzivisa chero munhu. Uye ipapo, kana kundizivisa, kana kuzivisa mudzimai wangu. Saka ndakanga ndiri kumusoro kuIdaho, uye ndichangodzoka, zvino musangano wacho wakanga watotanga.

<sup>8</sup> Saka, uye saka ndakaona, panguva iyoyo, hazvigone kuita hurongwa muLouisiana hwezvinhu zviri kuitika kuno. Saka, ndakangatora hurongwa hwacho pachangu, kuti ndiite hurongwa hwangu ndega hwemisangano, kusvikira misangano yangu yaita...Ndakangoita seku...Oo, handizive, ndinofunga kureurura kwakanakira mweya wemunhu. Hamufunge kudaro here? Ndanga ndava kuita zinyekenyeke kwazvo pazvinhu izvi. Uye kungorega chero ani zvake, chero kupi, vachingozviita mvuchemvuche. Uye ndakaona kuti, hazvibhadhare. Mshure menguva refu, unogadza...Unofanirwa kunge uine kamwe kaitiro kwazviri. Uye zvino ndiri kuedza kuita hurongwa.

<sup>9</sup> Uye ndiri—uye ndiri kuenda kunooni Mai Arnold. Ini... Pane mumwe murume muno muLouisville anga akanaka kwazvo, pandaiita misangano pano, uye zita rake ndiHama Burgum. Uye aida hu—husiku humwe kana 2, hweshumiro. Ndichanoona Teddy wavo mudiki, ndinotenda, Teddy Arnold, pane, imwe nguva svondo rino.

<sup>10</sup> Zvino Mugovera neSvondo zviri kuuya, kana ndikakwanisa, Ishe vachitendera, ndinoda kuva zasi kuMadisonville. Vaiva nevashumiri 25, 30 kunze ikoko. Vese vagerepo, vakauya vachibva...Mumwe mamaira 6, 700. Manjeka, hapana

akauyako, saka ndakanga ndisipo, uye isiri kana mhosva yangu, asi ndakango...asi nekusangonzwisisana, kana kuti kusavafonera. Uye ndichaedza kuva zasi ikoko kupera kwesvondo rinouya, Ishe vachitendera.

<sup>11</sup> Zvakare, musu wa 5 kusvika 6, ndiri muBrooklyn, New York. Uye kubva ipapo, musu wa 14, 15, na 16, muParkersburg, West Virginia. Ndichangobva kuita gadziriro 2 idzodzo nezuro manheru nemangwanani ano. Zvino, Charlotte, South Carolina, ingori mumutsara wacho, asi handizive. Zvadaro, mazuva ehoridhe anobva atanga.

<sup>12</sup> Zvino tinobva taenda kuWest Coast, uko kwavari kugadzirira mu—musangano mukuru wemu odhitoriyamu. Zvino, iyi mi—misangano midiki semuzvikoro zvesekondari nezvimwe zvakadaro. Uyo uri uko kuWest Coast, uchange uri we—wemaguta 2, musangano wemaguta akabatana, reOakland neSan Francisco.

<sup>13</sup> Zvakare nevamiririri vePhoenix, nekuda kwekuti Hama Roberts havasi kukwanisa kunge varipo gore rino, ndichaita sekutora nzvimbo yavo zasi kuPhoenix, umo mu—umo mumusangano wedunhu rose reMaricopa. Uku kushingaira kwekubatana.

<sup>14</sup> Uye ndinyengerereiwu nokuti ndi—ndinoida. Uye ndinocherechedza kuti nguva dzose kuti kutenda pakunozviisa panzvimbo, dhiyabhore anotendeka pfuti yose iri mugehena pakuri, saizvozvo, munoono, saka zvinoita kuti zvibva zvaoma kwazvo.

<sup>15</sup> Saka, mangwanani ano, kunamatira vanorwara. Ndinoda kuverenga rimwe reShoko raMwari Rekusingaperi, uye ndigotaura nguva shoma kubva muMagwaro, uye tobva tanamatira vanorwara. Oo, ndinoda kwazvo kutaura nezvaKe! Hamudaro here? Ndinongoda kutaura nezvaKe.

<sup>16</sup> Zvino ndinoda kuverenga kubva muBhaibheri, Madzimambo eChipiri chitsauko 2, ndima 12, chikamu chayo.

*Zvino Erisha akazviona, uye . . . akadanidzira achiti,  
Baba vangu, baba vangu, ngoro yaIsraeri, navatasvi  
vamabhiza ayo.*

<sup>17</sup> Uye zvino senzira ye—yemusoro wenyaya, kana chidzidzo, ndinoda kutaura pamusoro pe: *Hanzu Yekusiirwa Nemumwe*. Saka dai Ishe vawedzera maropafadzo avo patiri kutaura nemi mangwanani ano. Uye imi ingei muchitinamatira.

<sup>18</sup> Panguva iyi yekutonga kweIsraeri munyika, Israeri yaiva nyika, uye yaiva nyika ine simba, zvino yainge iri nguva yakaita seine runyararo pachikamu chezvehondo. Asi muchi—chikamu chayo chezvemweya, yainge yakaita seiri mungu—nguva ye—yekutevedzera. Uye kana tikatarisa kumashure muTestamende Yekare, tinogona kugara tichiwana mienzaniso

yezviri kuitika nhasi. Nguva dzose, muBhaibheri, zvinhu zviripo zvino, zvinongova izvo zvaifananidzirwa nezvaivepo pakutanga.

<sup>19</sup> Zvino, Bhuku raGenesi rinoburitsa zvese zviri munyika nhasi uno. Hapana chinhu munyika asi kuti zvose zvakatangira muna Genesi, nekuti ndiwo mavambo. Imomo, ndimo makatangira zvitevedzwa zvose. Muna Genesi, ndimo makatangira chese chine mavambo. Uyewo Chechi yechokwadi yakatangira muna Genesi. Uye mutendi wenhema akatangira muna Genesi. Uye kushaya hanya kwakatangira muna Genesi. Genesi ndiyo yakave mavambo.

<sup>20</sup> Uye zvino munguva yekutonga kwaEria, kana kuti rwendo rwaEria rwepanyika pano, aive muporofita waMwari wenguva iyi.

<sup>21</sup> Uye Mwari havana kumboZvisiya panyika pano vasina chapupu. Mwari vagara nguva dzose, pane imwe nzvimbo, kumwewo, vaine munhu waVaikwanisa kuisa maoko aVo paari omira sechapupu. Saka kana Vakazviita, kubva uko muna Genesi, pakutanga, zvirokwazvo, pane imwe nzvimbo, Mwari vane munhu waVanokwanisa kuisa ruoko rwavo paari zvino. Nokuti iVo—iVo vanodarika munhu 1 zvino, Vane varume vazhinji vaVanogona kuisa ruoko rwaVo pavari, nekuti tiri kudzika zasi kuuya pangu—nguva yokuunganidza, nguva yekukohwa.

<sup>22</sup> Genesi yaiva kudyarwa kwembeu, uye aya makore 6,000 kwanga kuri kukura kwegoho racho. Uye zvino mbeu yazova mbeu pachayo. Yadzokera kumaruva, uye kubva kumaruva yasvika pakuva mu—pakuva chibereko. Uye inguva yekuunganidza zvino, nguva yekukohwa, zvinhu zvose zvikuru zvakatanga. Chechi yechokwadi yakatangira muna Genesi yasvika panguva yechibereko, chibereko cheMweya. Zvino antikristu akatangira muna Genesi asvikawo pamuchero wake. Uye tangova munguva yekupfigwa kwemwaka wose wepasi rino, uyo...wemunhu anofa. Uye tiri...Inguva hurusa iyo yokuti chero ani zvake, kana chero mumwe pane chero zera, ati amborarama, inguva ino. Inguva yekuzunguzwa. Inguva yematambudziko kuvatadzi, asi inguva inoshamisa kwazvo kuMakristu, nokuti tinoziva kuti tiri—tiri kurongedza, kana kuti kuunganidza kushingaira kushoma kwekupedzisira pamwe chete, kuti tiende Kumusha kunosangana naShe.

<sup>23</sup> Zvino vanhu, nhasi, sezvamunotarisa kwese muchiona dambudziko guru nekushushikana kwakatarisana nenyika, uko...Husiku hushoma hwapfuura, ndaitaura nemumwe munhu, aive mumwe weava vatariri vanochenjedza vanhu nezvenjodzi, uye vakati, “Hama Branham, tichangobva kurairwa nehurumende kuti tisambopa vanhu zvakare zano rekuti varare pasi pedyo ne...kure nehwindo pasi, kana bhomba rikanzi raro, kana kusambopinda muimba yepasi, nekuti

bhomba idzva iri ravanogona kutungamira neredhiyo kubva kuMoscow kuenda kuFourth Street muLouisville, uye rorova munzira chaimo, vakaritumira mudenga, rine tara- . . . zvinhu zviriri mariri, zvinopotika, uye zvinotora zviuru zvine *humwe huwandu*, zviuru zvine *humwe huwandu*, richitungamirirwa nenyeredzi uye neradar, uye zvoridondhedzera chaipo pana Fourth Street muLouisville, kubva kuMoscow, Russia, uye kana rikange rarova ikoko, haridi kushandisa ndege kana chimwe chinhu, rinongokandwa kubvako rouya *kuno*, uye rinonomhara *ipapo* chaipo, uye rinochera gomba pasi, panzvimbo, zvine hudzamu hwemamita 53 ropararira makiromita 24 kumativi ese akaripoteredza chero kwarinoenda, makiromita 24.” Hapana zvekuita ipapo kunze kwekugadzirira kubhururukira kumusoro, ndicho chinhu chega chekuita kana nguva idzodzo dzasvika.

<sup>24</sup> Ingofungai, vanogona kutumira 50 awo, kana 100 awo, panguva imwe chete, kana vachida havo. Zvose zvinenge zvaparara, mukati menguva ye. . . Ndinotenda kuti maminetsi 60 kana 80, kana zvimwewo, kana masekondi—masekondi, waro, kubva ikoko kusvika pano, kusvika pakutsakatiswa kwechinhu chacho chese kana zvikaitika. Hapana chinzosara pakati peLouisville neHenryville, uye pakati peLouisville ne—neBardstown, kana kuti zasi ikoko, kunze kwegomba rimwe pasi rine guruva mariri. Ndizvo chete zvinosara, tisingaverenge nzvimbo dzaraizoenda kunze, ropisa kwemamaira nemamaira nemamaira mberi kweipapo. Zvino rimwe parinenge richiwira ipapo, rimwe riri kuwirawo pane imwewo nzvimbo, kuzosangana naro.

<sup>25</sup> Ndinofara zvikuru kuti tine Nzvimbo yekuwanda. “Iro Zita raJehovha iNhare yakasimba, vakarurama vanomhanyira maIri uye vanochengeteka.” Hazvina mhosva kuti mabhomba mangani kana kuti zvingani zvimwewo zvino. . . Isu takachengetedzeka Imomo. Saka, nyika nemutadzi, vasina Nzvimbo iyi, kana kuti Nzvimbo iyi yechengetedzo, inguva yekuzunguzwa. Ndinotenda, dai ndanga ndisiri Mukristu, ndaitozopenga, nekufunga zvingangoitika chero nguva. Uye neimba yakazara nevana vaduku, nezvose, handaizoziva zvekuita. Asi ndinofara kuti ndinogona kumira mumba mangu ndichisuma kwavari Zvimbo yechengetedzo isina kana bhomba ringagona kuibata, kana chimwe chinhu, pasi peMapapiro edziviro aShe Jesu. “Kwete nesimba, kwete nekukwanisa, asi neMweya waNgu,” ndizvo zvinotaura Jehovha. Maona? Ndiko kudzivirirwa kwedu.

<sup>26</sup> Uye inguva huru, inobwinya kwazvo, kuziva kuti chivi chese nekutambura nemiyedzo yehupenyu zvichange zvapera nenguva isipi. Zvose zvichapedzwa rimwe ramazuva ano, uye tichaenda kuMusha kuti tinova naShe. Zvino, yasara inguva yekuparidza Evhangeri nekuunza muNhare huru iyi vakawanda, vose zvavo vatinokwanisa.

<sup>27</sup> Uyewo zvakare, zvatiri kuona patani yechidzidzo chedu

nhasi, chaEria, munguva yekutonga kwake, iye...kana kuti, rwendo rwake rwepanyika, handiti, aiva murume mhare, ane simba. Mwari vakanga vachimushandisa nenzira dzine simba, nesimba guru kwazvo. Uye tinoona kuti panguva iyi, paiva neboka revatevedzeri vakaedza kutevedzera Eria, avo vakazama kuita zvinhu zvimwe chete zvakaitwa naEria.

<sup>28</sup> Uye saka tinoona zvimwe chetezvo nhasi; kutevedzerwa kweChikristu, vanhu vanoedza kuita seMakristu, vanoedza kuzviita ivo Makristu. Haugone kudaro. Mwari ndivo vanofanira kuita izvozvo. Ndivo Voga Vanogona kuzviita.

<sup>29</sup> Saka vakagadzira chikoro, ndokuchidaidza kuti, “chikoro chavaporofita.” Uye vose vakaendako kuchikoro chevaporofita ichi, ndokuvadzidzisa. Uye ndinogona kuona vaparidzi vose kumusoro ikoko, vakapfeka bhachi rakafanana neraipfekwa naEria. Ndinogona kuona vachiedza kumutevedzera inzwi rake, matauriro aaiita. Uye—uye nenzira yaakazviratidza nayo, munhu wose achiedza kuita zvimwe chetezvo, nokuti Eria akanga ari munhu mukuru aishandiswa naMwari.

<sup>30</sup> Uye tinowana zvimwe chete nhasi. Ndakanga ndichiteerera panhepfenyuro, kasiri kare. Vave navanaBilly Graham munyika ino yose, kubva pakauya Billy muLouisville. Munhu wese ari kuyedza kutevedzera chinhu chimwe chete, nokutokama bvudzi ravo nenzira yakada kuita seimwe chete, ne—nekupfeka chinhu chimwe chete, nezvi rimwe chetero, nezvimwe zvakadaro. Asi haungaite izvozvo. Unogofanira kuva zvauroi uye izvo chete Mwari vakakuita kuti uve. Ndizvozvo chaizvo. Saka zvino tinoona kuti, zvichida, mumazuva iwayo chinhu chimwe chetecho chakaitika.

<sup>31</sup> Zvino, Mwari, vachiona, vachifanoona kuti mazuva aEria akanga ave kupera, kuti akanga ane nguva *yakatarwa* yaaigona kugara panyika, semumwe munhu wose, saka Vanga vari kuzova neanotsiva Eria. Uye paVakadaro, Mwari vakada murume uyu. Akanga asiri museminari paVakamudana. Akanga achirima mumunda, nejoko renzombe, achiita basa, kana kuti achiriritira amai nababa vake. Zvino Mwari vakamudana kuti ave anotsiva Erisha, kana kuti, Eria.

<sup>32</sup> Zvichida vazhinji pachikoro ichi vakafunga kuti vaiva nechokwadi chokuti vaizotsiva nzvimbo yake, vaizopfeka nguwo yake kana achinge angopedza nayo.

<sup>33</sup> Asi, Mwari ndivo vanodana. Mwari ndivo vanosarudza. Mwari ndivo vanosanangura. Mwari ndivo vanoisa muhurongwa. “Mwari wakagadza muchechi: vamwe, vaapostora; vamwe, vaporofita; vamwe, vadzidzisi; vamwe, vavhangeri; nevafudzi.” Mwari vanoita izvozvo, pachaVo. Hatigoni kuita kuti rimwe vhudzi rive dema kana jena, uyewo hatigoni kuwedzera chinhu chimwe pachimiro chedu nokufunganya. Mwari, munyasha dzaVo dzisingaperi, uye

nekusanangura kwaVo uye nekufanoziva kwaVo, vanoisa zvinhu izvi muhurongwa, uye vhiri rose rinoshanda nemazvo. Ndinozvida izvozvo.

<sup>34</sup> Ndingadai ndiri munhu akawodzwa moyo, mangwanani ano, dai ndanga ndisingatendi mukusanangura nekudana kwaMwari. Dai ndaifunga kuti nyika yakasiiwa pamagumo ayo, nesimba remunhu, uye nohuchenjeri hwomunhu, uye nema Big Four, nema UN, uye vasingatombotaura Zita raMwari, ndingadai ndiri munhu akawodzwa moyo, asi handisi kutarisa kune izvozvo pamagumo acho.

<sup>35</sup> Ndinotarisa pasi mumapeji eBhuku iri rekare *pano*, umo Mwari vakaZvinyora, uye zvinhu zvose zvichauya nenzira chaiyo yaVakazviture nayo, uye ndizvozvo. Saka, chinhu chega chekuti ndigoita hakusi kuti ndigofambirana navo, asi kufambirana neKarivhari. Kufambirana naMwari, kufambirana neShoko raVo, ndogara muShoko raVo. Zvisinei nekuti zvinoratidzika zvakadai kuti zvichava nenzira *iyi*, zviri kuzova nenzira *iyi* Mwari vanoda kuti zvinge zviri. Hazvigoni kuva zvimwewo. Nokuti, iVo zvavari vasina magumo, vakaziva magumo kubva kumavambo, uye Vanoita kuti zvinhu zvose zvisvike pokuti Varumbidzwe. Ndizvozvo.

<sup>36</sup> “Zvinhu zvose zvinofanira kushanda pamwe chete.” Zvese hazvo zvinofanira kuumbika kusvika panzvimbo yazvo. Ini zvangu! Izvozvo ndokunge zvisingape kushinga kuMukristu! Hapana chingakanganisike. Mushure mezvose, haisi hondo yedu; ndeyaVo. Haisi huchenjeri hwedu; ndehwaVo. Chinhu chega chatinofanira kuita kuisa kutenda kwedu neruvimbo ipapo, tonge takadzikama hedu toona kubwinya kwaMwari, toona mafambiro aZvichaita kuenda panzvimbo yaZvo, nevhiri rose richifamba. Zvinogona kupararira kubva kune rimwe divi kuenda kune rimwe divi, asi Zvichaenda panzvimbo yaZvo chaiyo kana Mwari vataura Shoko.

<sup>37</sup> Vaiziva magumo kubva pamavambo. Vaiziva kuti vaizosarudza. Vaiziva kuti Erisha aizatora nzvimbo yaEria, nyika isati yatombombwa. Zvinhu zvose zvinofanira kushanda nemazvo.

<sup>38</sup> Uye isu tiri kunetseka nezvevadikanwi vedu, nevamwe vakadaro, “Vachazombopinda here?” Mazita avo, kana akanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana, nyika isati yavambwa, vachapindamo chaimo imomo. Ndicho chinhu chega chaanogona kuita. Tinopa huchapupu tovhenekeza Chiedza. Mwari vanodaro, vaCho vanoChiunza kwavari.

<sup>39</sup> Zvino cherechedzai, muna Eria, zvino, mushure mekunge akandira nguwo yake paari, ndokuiedza paari. Nemamwe mashoko, Eria muprofiti, aiva nenguwo yaMwari pamapfudzi ake, akauya zasiko ndokuiisa pana Erisha, murimi, kuona

kana ingakwana paari. Uye zvakatora anenge makore 10 kuti zvigadzirisike, kuti akwane nguwo iyoyo.

<sup>40</sup> Munoziva, Mwari vanowanotiisa mufekitari zvino votiveza. Zvino, haVana kugadzirisa nguwo yake kuti ikwane pana Erisha; Vakaraira Erisha kuti iye akwane munguwo yacho. Uye ndizvo zvaVanoita nhasi. Vanotigadzirisa isu kuti tikwane munguwo, kwete kuti nguwo ikwane patiri. Dzimwe nguva tinoda kuita kuti nguwo ikwane patiri, asi hatigone kudaro. Iwe unofanirwa (tendera) kugadziriswa, iwewe wacho, kuitira nguwo iyi. Inguwo yaMwari, uye Vakaigadzira yakakwana. Uye isu tinofanira. . . Vanofanira kutipinza muchiyero ichocho, chokuita kuti hanzu iyi ikwane patiri.

<sup>41</sup> Saka, isu hatigone kuzvikwanisa, pachedu. Tinoziva kuti hatigone. Hapana nzira yatingagone kuti tidaro, asi, zvakadaro, Vakataura kuti tinofanirwa. Zvino, asi, zvaVakaita, Vakatiitira kureverera; Ishe Jesu Kristu nekururama kwaVo. Ndipo panouya kukwaniswa; pakufuratira hutsvene hwedu pachedu, hunova hwatisina futi; nemifungo yedu isu, isingafanire kuvapo. Asi tinozorora zvizere pabasa raIshe Jesu rakapedzwa. Mwari vakaMutumira panyika, uye maAri ndimo matinozorora.

<sup>42</sup> Cherechedzai, makore ose aya, sekuziva kwedu, aingova nerubhabhatidzo rumwe chete rwehanzu iri paari. Asi mukufamba kwemakore, Mwari vakange vaumba hunhu hwemunhu kuve panzvimbo yekuti, mushure mekudanwa kwake, kuti azokwana muhanzu uye ova muranda waShe.

<sup>43</sup> Zvino Eria paakapfuura nepo ndokuikandira paari, zvino vakatanga kuenda vakananga Girigari nedzimwe nzvimbo zhinji dzavakaenda, uko kuchikoro chevaporofita, munzira yavo, vari parwendo. Uye, pakupedzisira, Eria akanga achiedza kuita kuti Erisha adzokere. Makazvicherechedza here? Aiedza kumuita kuti adzokere. Akati, “Ini . . .” Zvichida, “Pamwe nzira yacho ine makata anokuremera zvisvima, mwanangu. Pamwe yakanyanyisa kutetepa zvekuti iwe ufambe mairi.”

<sup>44</sup> Munoziva, kwaiva naEria, kwaiva nekururama. Uye pese panoparidzwa Evhangeri nemuranda waMwari wechokwadi, iEvhangeri yakatwasuka, isina kusvibiswa paInoparidzwa.

<sup>45</sup> Handiti, rimwe zuva, akaendako kuchikoro chevaporofita, kunovashanyira, zvino vakamukumbira kuti aende. Vakati, “Pakanyanyisa kururama pano, kwatiri.”

<sup>46</sup> Chatinoda nhasi ndekumwe kuparidzwa, kweEvhangeri kwakatwasuka kunoparadzana gorosi kubva kuhundi, kana kuti chakanaka kubva pane chakaipa. Roita chakanaka kuti “chakanaka,” uye chakaipa kuti “chakaipa.”

<sup>47</sup> Varume vese ava neruzivo rwavo, nezvese zvavaive! Vakatumira vanhu kunotsvaga zvekudya, zvino mumwe wavo akawana dzinde remusango rakatandavara, akatanha mapudzi



emusango, ndokubika rufu mupoto yavo yechechi. Uye, chinhu chekutanga munoziva, vakadanidzira, “Maita rufu mupoto!”

<sup>48</sup> Asi Erisha, aine mugove wakapetwa kaviri, aiziva zvokuita, saka akaisa chanza choupfu mupoto. Akati, “Zvino pfuurirai henyu mberi nekudya.” Nemamwe mashoko, ivo . . .

<sup>49</sup> Nhasi, mufananidzo, ndingafunga kuti, tine akawanda maMethodisti, Baptisti, Presbyterian, Lutheran, Pentekosti, nezvimwe zvose, zvose zvakasangana, mumwe achirwisana nemumwe. Uye isu hatifanirwe kubvisa chinhu chacho chose nekuchirasa. Tinoda chimwe chanza cheUpfu. Tochengeta chechi imwe cheteyo.

<sup>50</sup> Upfu uhwu hwakabva muimba yepachikoro ipapo, hwaive chipiriso chehupfu chakanga chaunzwa nevanhu, nezvibereko zvekutanga zvegoho zvaikuyiwa neimwe mhando yehuyo yaiita kuti tsanga dzose dzeupfu dzikuike dzakafanana. Zvino saka apo . . .

<sup>51</sup> Upfu uhwu, kuva hwakafanana, hwaiva mufananidzo waKristu. Upfu hupenyu. Zvino apo mufananidzo waKristu, upfu uhwu, huchikuyiwa zvimwe chete; zvinoreva, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Uye hupfu muchipiriso cheupfu, zvino pavakaisa upfu uhwu imomo, kuisa Kristu murufu kwakaunza Hupenyu. Ndizvo zvinounza mutsauko muchimiro chedu chakafa, mukusiyana kwedu, mumakatanwa edu ezvinamato nezvose. Kana tikangounza Kristu mazviri, zvinoshandura rufu, nekupatsanurana, kuva Hupenyu, kana tikangozviita.

<sup>52</sup> Mune 19 miriyoni maBaptisti muAmerica. Mune 13 miriyoni maMethodisti muAmerica. Mune 11 miriyoni maLutherani muAmerica. Uye 10 miriyoni maPresbyteriani muAmerica. Uye Mwari voga ndivo vanoziva kuti maKatorike mangani, vacho vanopfuura mamwe masangano ose. Asi, mazviri zvose, chii chatinoda? Chanza cheUpfu. Tinofanira kuunza Hupenyu kuchechi. Uye Kristu ndiye Hupenyu hwacho. Akauya kuzotizira Hupenyu.

<sup>53</sup> Saka, vakava nemakatanwa avo, nezvikoro zvavo, nedzavo dzidz- . . . dzidziso dzebhaibheri, nezvimwe zvakadaro.

<sup>54</sup> Zvino ipapo Eria akati kuna Erisha, “Iwe wotodzokera hako, nekuti nzira inogona kukuomera zvisihoma.” Asi munhu waMwari akambotarisa nayo, kana kuti akakandwa hanzu yokururama nesimba raMwari pabendekete rake, hazvisi nyore kungodzokera shure.

<sup>55</sup> Pandanzwa mufundisi vachiti, mangwanani ano, kuti vedu . . . “Vakawanda vari kuwodzwa moyo.” Chatinoda, hama, kutora hushingi! Chatinoda kukurudzirwa, ndizvozvo chaizvo. Miyedzo inogona kuuya. Hatina kumbovimbiswa kuti takadzivirirwa kwairi, asi Vanopa nyasha dzekuti tipfuure nemairi. Kana gomo rarebesa zvekusaendeka nepamusoro paro,

kana kudzika zvekusapindika nepasi paro, kana kupamhama zvokusapotereka, Vachapa nyasha kuti tipfuure nepariri. Ndizvozvo. Usanetseke bedzi, asi ramba wakaringisa maziso ako pana Kristu, nokuti Ndiye ega anogona kutipfuudza mberi.

<sup>56</sup> Zvino, tinovaona vachifambira mberi, vachiuuya pachikoro. Uye akati, “Iwe chigara pano zvino. Inge uri pano, ugadzikane ugova mudzidzisi akanaka webhaibheri, nezvakadaro. Uye zvichida, rimwe zuva, ndiwe uchava mukuru wekoreji iyi pano. Asi ini ndinofanira kupfuurira mberi zvisihoma.”

<sup>57</sup> Ungafungidzire here munhu waMwari achigutsikana nekuva mukuru wekoreji, iro Simba raMwari chairo rakapoteredza paakanga amire ipapo? Kwete, changamire. Akati, “NaJehovha anorarama nemweya wenyu unorara, handisi kuzokusiyai.” Ndinozvida izvozvo.

<sup>58</sup> Gara nazvo, zvisinei kuti moyo waodzwa zvakadii, kunyangwe zvikabva kuna amai vako, baba vako, kana kumufundisi wako. Gara naYe.

<sup>59</sup> Havo ndokuenda Jorodhani. Vakayambukira mhiri. Eria ndokuti, “Zvino, chii chandingakuitira?”

<sup>60</sup> Akati, “Mugove wakapetwa kaviri wemweya wenyu kuti uye pandiri.” Aiziva kuti aive nebasa raaifanirwa kuita. Akati, “Mugove wakapetwa kaviri.” Kwete bedzi chiiitiko chakanaka chinodziya, kwete kungogwinhwa chishanu kwakanaka, kana kuwadzana kwakanaka nechechi yose. Asi, “Chandinoda ini mugove wakapetwa kaviri weizvo zvakanakisa zvino.”

<sup>61</sup> Ndinokuudzai, kana Mwari vapa munhu basa repasi rose, anofanirwa kuva nechimwe chinhu chiri nani pane icho chine nyika. Anofanira kuva nechimwe chinhu chiri nani pane icho chine chechi. Anofanira kuwana mugove wakapetwa kaviri.

<sup>62</sup> Uye kana pakambova nenguva iri kudikanwa mugove wakapetwa kaviri, ndinhasi, muzviyero zvevanhu; chimwe chinhu chiri nani, chimwe chinhu chakakwirira. Handikwanise... Ndinofunga kuti bhinzi nechimodho zvakanaka chaizvo, asi dzimwe nguva ndinofanirwa kukwira kumusoro zvisihoma. Uye tinozviita; tinofanira kudaro. Tinofanira kuramba tichikwira. Israeri yaidzokera kumashure payairamba imire panzvimbo imwe chete. Inofanira kunge ichienderera mberi kana kudzokera kumashure. Uye ndizvo zvakaıtawo chechi.

<sup>63</sup> Saka, pavaifamba havo, pasina nguva yakareba akabva ati, “Wakumbira chinhu chikuru kwazvo, asi, zvisinei hazvo, kana ukandiona pandinoenda, unogona kuva nezvawakumbira.”

<sup>64</sup> Zvino, ikoko kunofanira kunge kuri kuva nechinangwa chimwe, moyo mumwe, maonero mamwe, woramba wakaringa pavimbiso. Hum! Kana uri kurwara mangwanani ano, kana uri kutambudzwa, pane vimbiso imwe chete huru; kwete naEria,

asi naMwari pachaVo. “Kana uchigona kutenda, paunonamata, tenda kuti unowana chawakumbira, uye uchachigamuchira.” Hazvinei kuti chiremba anoti kudii, kuti *izvi* zvadii kana *izvo* zvadii; ingoramba uri pavimbiso.

<sup>65</sup> Eria akamupa chiga: “Kana ukandiona pandinoenda, uchauya pauri.”

<sup>66</sup> Pane vimbiso iripo, “Kana iwe uchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.”

<sup>67</sup> Dzimwe nguva ndinozvitarisa ini pachangu, ndofunga, “Ndanga ndiri dera chairo muhupenyu hwangu. Ndakamirira, ndokurasikirwa nezviuru zvakawanda zvemweya, muHumambo, nekuti ndakamirira ndikati, ‘Mwari...’ Ndakazembera zvakanyanya pachipo chemweya. Uye ndikati, ‘Ishe, kana mukangondiratidza, kana mukandipa chiratidzo kuti ndoitei.’” Zvino Mwari vanobva vapa chiratidzo, ipapo ndocheuka ndorega mumwe munhu achindipinzawo mune chimwe chinhu.

<sup>68</sup> Uye, oo, handisati ndambosvika panzvimbo iyi, nazvino, kusvika ini...seyandinayo panguva ino, yandinonzwa kuti kutenda, kuti tinofanira kubuda kunze uko, nokuti ivimbiso. Uye nezvinhu zvaVakaita, nekupodza kwaVakaita, nezvishamiso; zvekutoti, vakauya pasi ndokuita kuti mufananidzo waVo utowe parutivi rwehu, nezvimwe zvakadaro, izvo zvivatsi zvambozivikanwa kubva pamavambo enyika. Zvino womira here ipapo sedera? Zvinotondiodza moyo nezvandi pachangu. Inguva yekuramba wakaringisa ziso rako pavimbiso.

<sup>69</sup> Uye ndizvo, nenyasha dzaMwari, zvandinovavarira kuita. Uye ndinoziva kuti dhimoni rose regehena richapfura pazviri. Asi, nenyasha dzaMwari, ndinovavarira kuchengeta ziso rangu riri pavimbiso.

<sup>70</sup> Erisha akati, “Kana iwe,” kana kuti, Eria akati, “Kana ukandiona pandinoenda, uchawana zvawakumbira.” Ndizvozvo. Unofanira kuramba wakaringisa ziso rako pairi; tarisa vimbiso yacho. Sekuti, ko dai vamwe vepachikoro, dai akadzokerako obva ati, “Nhai, vakomana, ndiri kudodii zvino, ndichitevera kumashure chaiko pamwe nemuporofita?” Angadai akakundikana, zvichida. Asi akanga asina basa nezvaifungwa nechikoro, kana kuti vadzidzisi vose vaifungei. Akanga asina basa nezvaifungwa nevavakidzani, kana dzimwe dzimba, kana kuti ndiani aimutarisa. Akachengeta kutenda kwake muvimbiso.

<sup>71</sup> Chatinoda nhasi kutenda muvimbiso yaMwari, uye usateerere kune zvinotaurwa neyu kana *uyo*.

<sup>72</sup> Sezvakataurwa neimwe hama, mushumiri aiva nevasikana 2 vaiva mbeveve, uye nekushoropodzwa kwepakupodza kwaMwari, kuti, “Vana ava havaigona kupodzwa.”

<sup>73</sup> Usateerere kune vatsoropodzi. Chengeta kutenda kwako pavimbiso. Mwari vakadaro! “Munyengetero wekutenda uchaponesa vanorwara, uye Mwari vachavamutsa.” Kana Vakagona kuita kuti imwe matsi isingataure inzwe, Vanogona kuita kuti imwewo matsi isingataure igonzwa. Tinoziva, nehumbowo husingarambike, kuti Vanozviita. Kuchengeta kutenda kwedu pavimbiso. Muono wedu uri mumwe; tichinzwa chinhu chimwe chete; tiine mwoyo mumwe; uye, chinhu chimwe chete, pana Jesu Kristu, uye Anokwanisa kuita izvo zvaAkavimbisa. Oo, kana tikafunga nezvazvo, zvinoshandura mamiriro acho ose kana tikawana izvozvo. Mwari vakaita vimbiso. Mwari ndivo vacho vakazvitaure.

<sup>74</sup> Zvino, *heunoka* aiva mumiririri waMwari akazvitaure, zvino apa Mwari pachaVo vakazvitaure. Saka chii chatingaita? Hapana kunze kwekuchengeta pfungwa dzedu pane izvozvo. Akati, “Kana ukandiona pandinoenda, uchava nevimbiso iyi.” Erisha akaramba akaringisa meso ake pana Eria. Hazvinei kuti chii chakadaidzira kubva kumativi ese, chii chakaitika kumativi ese, zvii zvakaitika izvi zvisati zvaitika, haana kana kumbozvitarisa izvozvo. Akaramba akaisa maziso ake pavimbiso. Hezvoka izvo, maziso ako pavimbiso.

<sup>75</sup> Ndinofunga nezvemudzimai watacashanyira humwe husiku, Hanzvadzi Sauer. Zvino chiremba achivaudza kuipa kwemarwariro avo. Uye handina kumbovauzwa; ndakaudza mudikani wavo. Uye kuti zvaisagoneka sei kuti vapore. Zvino, hama, mukuwasha wavo akandibvunza nezvazvo. Ndikati, “Kana vakakwanisa kuramba vakatarira pavimbiso.” Hazvina mhosva kuti chii chinoitika, ramba wakatarisa pavimbiso.

<sup>76</sup> Masvondo mashoma apfuura, Hanzvadzi Wood vari pano, naHama Wood, shamwari dzedu 2 dzepamoyo pano pachechi. Ndakanga ndiri kuMichigan neshamwari dzangu, Leo naGene. Takanga tabva kumusangano wekuChicago ndokuenda nevamwe vevanhu vavo, ku...kwemazuva 2, kuenda kunovhima nondo neuta nemiseve. Zvino ndiri munzira kudzokera, mudzimai wangu akanga andibata panhare, ndokuti, “Namatira amai vaMai Wood. Vane kenza iri kudya kumeso kwavo.” Ndokuti, “Handisati ndakamboona Hanzvadzi Wood vavhundurwa vakadaro. Vari kutochema.” Hanzvadzi Wood vagara nguva dzose vari gamba rekutenda, kubvira Mwari pavakapodza mukomana wavo gumbo rakaremara, ndokuvapodza ivo TB, nezvimwewo vakadaro. Asi apa zvakanga zvakavakunda.

<sup>77</sup> Ikoko mukamuri, usiku ihwohwo, takanamata. Vachipinda, Mai Wood vakati, “Hama Branham, tiri kuendako.” Zvino takaenda kuna amai vavo, vaiva muLouisville. Zvino vakanga vane kenza padivi remhuno yavo, uye chiremba akanga aibatabata, ndokuiparadzira; kusvika pangosara kadenderedzwa kudivi remhuno yavo, nekumusoro anenge mamirimita 3 kubva

paziso ravo, pachingova nebondo chete. Yanga yadya kwese ikoko nekukasika kwayaigona kudya nako.

<sup>78</sup> Ndakapinda mukamuri yacho, ndikapfugama. Ndikati, “Ndinoda kutaura navo vari voga.” Zvino ndakaenda mukamuri iyi kunonamata nemudzimai uyu. Uye ndiri mukamuri imomo, ndakafunga, “O Mwari, kana mukangondiratidza chiratidzo chezvichaitika kumudzimai uyu.” Baba naMai Wood vagere havo panze, vakamirira kuona kuti chiratidzo chaizoti kudii.

<sup>79</sup> Asi ndiri ipapo, ndakava nekupomerwa. Ndakanzwa mhosva nekuda kwekumirira chiratidzo. Zvakaita sekuti Chimwe chinhu chakapindura, “Handiko kudanwa kwacho. Sei uri kuda chiratidzo, iyo vimbiso yacho yakatotaurwa kare?” Saka ndakapfugama ndikanamata. Uye ndichinamata kudaro, chimwe chinhu chakabata zvakasimba mukati chaimo, kutenda kwevimbiso.

<sup>80</sup> Ndakadzokera panze. Zvino Mai Wood, pandakavaudza nezvazvo, vakati, “Pane zvamaona here, Hama Branham?”

<sup>81</sup> Ndikati, “Hapana chaizvo chandaona, asi ndanzwa Chimwe chinhu chandiudza kuti vimbiso yaVo ndeyechokwadi uye Vari kuzozviita. Uye ndinotenda kuti Vari kuzozviita.”

<sup>82</sup> Uye mumaawa asingasvike 24, mapeto ekenza iyi akatanga kudambuka achibva ndokubva ronda racho ratanga kuoma ipapo. Kenza hadziite maronda anooma, sezvamunoziva, kunze kwekunge yafa. Saka hezvoka izvo ipapo. Zvino mudzimai uyu akapodzwa, uye ari kumba. NdiKristu anoshamisa zvikuru! Nokuchengeta meso edu pavimbiso! Mwari vakadaro!

<sup>83</sup> Asi patinonamatirwa, dzimwe nguva, tinoenda toti, “Manje, hazvina kuitika pakarepo, saka zvichida regai tidzokere zvakare.” Oo, kwete.

<sup>84</sup> Ramba wakatarisa pavimbiso. Mwari vakadaro, ndizvozvovo. Ndizvo zvoga. Kana Mwari vakataura kudaro, Mwari vanokwanisa kuchengeta vimbiso yaVo, kana kuti haVaizomboiita.

<sup>85</sup> Abrahamama akadana zvinhu izvo, zvakanga zvisipo, sokunge zvaivepo. Uye, kwemakore 25, akamira pane zvisingagoneke, nekuti akati Mwari vaikwanisa kuita zvaVakanga vavimbisa. Amen. Uye isu tiri vana vaAbrahamama, nokutenda.

<sup>86</sup> Zvirokwazvo, Eria akaramba akaisa meso ake, kana kuti, Erisha pana Eria, uye vachifamba zvavo. Uye mushure mechinguva, ngoro yakauya ikavapatsanura, mumwe kune rimwe divi uye nerimwe, ndokubva yatakura Eria. Pamusoro . . . Akakwira pangoro ndokuenda kumusoro, akabvisa hanzu yake pamafudzi ake akaikandira shure kuna Erisha. Nokuti, Erisha akanga akura zvekuikwana, munoziva, saka yakanyatsomukwana chaizvo. Zvino mungafungidzira here . . . ?

<sup>87</sup> Oo, ndinoda kuti munyatsonditeerera, zvandiri kunzwa pahuro pangu pachinyeredza. Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.

<sup>88</sup> Mungafungidzira here kuti Erisha akanzwa sei paakatora hanzu iyi, akaiisa pafudzi rake iye? Oo, manzwiwo akadini iwayo!

<sup>89</sup> Handisi kureva kutaura nezvangu pachangu, asi makore 10 apfuura, kubva papurupiti ino, ndakaparidza imwe mharidzo; Dhavhidhi, murwi wehondo aine chimviriri muruoko rwake, naGoriati ari pamberi pake. Mumazuva iwayo kwakanga kusina mbuserere dzekunamatira varwere mumunda wekuvhangerwa, chero kupi zvako, pakuziva kwedu. Uye, oo, vanhu vaitsoropodza kwazvo zvekupodza kwaMwari! Asi pakava nechimwe chinhu, mushure mekusangana neNgirozi. Zvino vafundisi vakandiudza kuti ndakanga ndava kurasika njere, kuti hazvaigona kudaro. Asi, kubva mubhokisi rimwe chete iri pano, ndakataura pamusoro paDhavhidhi. Ndokuti, “Munoda kundiudza here kuti ava, mauto aMwari mupenyu, angasiya muFiristia uyo asina kudzingiswa achizvidza hondo iyi?”

<sup>90</sup> Mukomana muduku wekare ane mapfudzi akakombama, nevhudzi rakamonana akapfeka jasi redehwe rehwai, uye nechimviriri muruoko rwake; nehondo yose yaIsraeri yakamira, yadududza. Zvino iye, oga, ndiye akabuda. Nemurume, ane—ane pfumo rakareba mamita 6 potse, nomuromo waro wakanga uchirema mashekeri akati kuti, zvichida iri simbi inorema 9 kg, yakarodzwa, pfumo rakareba 6 mamita, aine minwe yakareba 35 masendimita.

Dhavhidhi zvichida achirema 41 kg, akamira, achisvetuka-svetuka, sekajongwe kane mumhu mudiki, uye achiti, “Munoreva kundiudza kuti,” oo, ini zvangu, “kuti munorega muFiristia uyo asina kudzingiswa! Kana akagara panzvimbo yake, ngaagare hake, asi ari kuzvidza mauto aMwari mupenyu.” Oo, ini zvangu, igamba chairo! “Uye imi mose muri kutya kuenda kunorwa naye?” Akati, “Regai ndirwe naye.” Oo, ini zvangu! Akati, “Mwari weKudenga vakanditendera kuuraya shumba nechimviriri, Vakanditendera kuuraya chitsere nechimviriri, zvino Vachakwanisa zvikuru sei kuisa muFiristia uyo asina kudzingiswa muruoko rwangu!” Zvirokwasvo.

<sup>91</sup> Uye kukunda kwekutanga pakwakavepo, Goriati akawisirwa pasi, mauto ose eIsraeri akatevera Dhavhidhi. Uye vakagura misoro vakarova, Israeri...kana kurova vaFiristia kusvika kunyika kwavo. Vakavaendeswa mumakona, ndokuvauraya, ndokutora maguta avo, nezvose, ndokuva nekukunda.

<sup>92</sup> Hama nehanzvadzi, zvimwe chetezvo zvakaitwa muzviyero zvemweya, pavakati ivo, “Kupodza kwaMwari hakugone kushanda. Mazuva ezvishamiso akapfuura.” Kana mazuva ezvishamiso akapfuura, mazuva aMwari akapfuura. Chechi

isingatendi mune chemweya inoguma yafa, uye Mwari vanosiya chechi yacho. Vanofanira kudaro! Uye Mwari vakapa vimbiso, uye vimbiso dzaMwari ndedzeKusingaperi.

<sup>93</sup> Pano imwe nguva yapfuura apo vamwe vasikana waitamba neradhiyamu, voinyika, vopenda zvinongedzo zvine radhiyamu pamawachi. Ndine vamwe pane iyi. Zvino mumwe musikana akakanganisa ndokutora bhurasho ndokuriisa mumuromo make. Yakamuuraya. Uye makore nemakore kumberi, vakatora microscope ndokuisa padehenya remusikana iyeye, uye vaingonzwa radhiyamu iya ichiri kurira, “Burr-burr-burr.” Haiperi. Inoramba ichishanda, ichingoenda nokuenda. Hapana kumira pairi.

<sup>94</sup> Uye, oo, hama, kana radhiyamu ichikonzeresa zvakadaro matiri, zvikuru sei uyo asingagumi, Wokingaperi, ari wemweya, wemasimba ose, asina mavambo nemagumo, ivo Mwari Samasimba! Vanofanira kuva nemaitiro mamwe chete sepaVakatanga. Vanofanira kuzviita pose zvapo, kana kuti havasi Mwari Samasimba, wemasimba ose. Vachakamirira mumwe munhu ane kutenda kwakasimba, achabuda opikisa muvengi pahwaro hweShoko raVo uye oti Ndizvozvo.

<sup>95</sup> Uye zvino chii chakaitika, pakangotanga mbuserere huru yekunamatira vanorwara? Zvino zviuru zvevasoja, zvevarume vaMwari, vaivemo mumachechi maduku, saOral Roberts, Tommy Hicks, nevazhinji vevamwe varume vane mukurumbira mumunda wekuvhangeri, vakavhomora Munondo wavo ndiye hutu kuenda. Munondo *uyu* unocheka zvose pakudzoka nepakuenda, pakukwira nepakudzika, nepakupinda nepakubuda, “Munzveri wendangariro, kunyange kusvika pamwongo webvupa.” Vakavhomora mabhaibheri avo, Munondo wavo, ndokubuda kunze, pavakaona kuti zvaigona kuitwa. Uye takakunda muvengi, nenyasha dzaMwari, kusvikira pasi rose rikava nerumutsiriro rwekunamatira vanorwara. Zvinogona kuitwa. Vafundisi vadiki vaive nemachechi madiki akashoreka, neakadaro, vakabatira moto ndokuona chiratidzo chacho, vakahweshura Munondo ndokuenda, vakachepesa muvengi.

<sup>96</sup> “Unoziva sei kuti zviripo?” Kune varume vakuru, Congressman Upshaw, Mambo George wekuEngland, nevarume vakuru vazhinji vaive vakarara vachirwara nekutambudzika, vakapodzwa neSimba raMwari Samasimba. Saka havagoni kutaura chinhu pamusoro pazvo zvino. Zvakaitwa. Zvirokwasvo! Akanga ari. . .

<sup>97</sup> Zvino Erisha akazotevera, chishuwo chemoyo wake wese chaive chekuwana vimbiso iyoyo. Aida vimbiso yacho, ndizvo zvaavavarira, ndizvo zvaiva zvose kwaari, ndihwo hwaiva hupenyu hwake, ndicho chaiva chinangwa chake, zvose, zvese hazvo, zvese zvainge zvakarembere pakuwana vimbiso iyoyo.

<sup>98</sup> Ndakagutsikana pakutenda kuti hatisi kurevesa pamusoro pechinhu ichi chatiri kutaura nezvacho. Kana chinangwa chako chose, mangwanani ano, chiri pamusoro pekuti, “Kupa Mwari rumbidzo nekupodzwa kwangu. Ndakatsunga kuti ndipodzwe neSimba raMwari. Ndakatsunga kurarama hupenyu hweChikristu. Ndakatsunga kufamba murugare naMwari. Ndakatsunga kuzviita. Handina basa kuti amai vanoti kudii, kuti chechi inoti chii, kuti mufundisi vanoti kudii, kana chero ani zvake anoti kudii, kuti pasi rose rinoti kudii. Ndakatsunga moyo. Ndiho humwe hwemoyo wangu.” Uchasvika kune imwe nzvimbo ipapo.

<sup>99</sup> Zvino, ipapo Erisha paakaona kuti akazvipira kuiwana, Eria akaona kuti *Erisha* ainge atsunga, akamupa vimbiso yacho. Zvino, vimbiso yaive yekuti, “Kana iwe ukakwanisa kundiona pandinoenda! Kana ukandiona pandinoenda!” Zvino zvasarira kuna Erisha. Aida kunzwa vimbiso, saka akawana vimbiso yacho. Zvino pane kuti “kana” mairi. “Kana ukakwanisa kundiona pandinoenda!”

<sup>100</sup> Zvino, kana uchirwara mangwanani ano, uye uchida kupodzwa, ndinogona kukuratidza kuti Kristu akakupa vimbiso yacho. Vimbiso ndeyako, “Kana uchigona kutenda! Kana uchigona kutenda!” Usakundwa.

<sup>101</sup> Zvino Erisha wakaputirwa muhanzu yaEria, muporofita. Kwakava kufora kwemukundi chaiko! Mafambiro aakaita, achienda kuDenga, somukundi! Akanga anzwa vimbiso yacho. Akanzwa simba racho. Aifamba semurwi wehondo, akananga zasi kuJorodhani.

<sup>102</sup> Mwari ngavarumbidzwe, shamwari! Mutendi wose, mangwanani ano, akapfeka hanzu yekururama kwaKristu, ari kufamba akananga kunzira yeJorodhani. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>103</sup> Rega mabhomba eatomiki auye; aregei, nechero nzira. Takapfeka hanzu uye tiri kufamba, mukundi chaiye. Amen. Ini... “Usatya. Ini ndakakunda nyika.” Hongu, changamire! Kurangarira chii? “Ndakakunda nyika.” Kristu akadaro.

<sup>104</sup> Eria akanga achifamba nehanzu yekusiirwa, kunyange semukundi, chaizvo, achiuya kuJorodhani.

<sup>105</sup> Hama, rega nditaure izvi pamusoro pako iwe. Usapfeke hanzu yemunwe munhu yakadyiwa nezvipfukuto zvekusatenda, yakaiswa maburi mairi nekukundwa kwese uku nezvemweya-mweya nekuwa nekusimuka, uye ari kungobvinza. Iwe pfeka nguwo yeMukundi, Kristu. Usavimbe nechechi yako yakambodzidzisa ruponeso nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, yakambodzidzisa kupodza kwaMwari zvino yochiKuramba, yakadyiwa yose nezvipfukuto zvekupokana nezvimwe zvose. Pfeka nguo yeUyo asina kumbokundwa muhondo, nokuti uri munzira yako kuenda kuJorodhani. Amen.



<sup>106</sup> Zvino, anga akapfeka hanzu yekusiirwa, ichokwadi. Uye vazhinji vevanhu mangwanani ano vakapfeka hanzu dzavakasiirwa. Asi paakasvika paJorodhani, akaona kuti hanzu yacho yoga hayaishanda pabasa racho. Ndizvozvo chaizvo. Uye chechi, Methodisti, Baptisti, Pentekosti, Presbyteriani, “Oo, tine zvikoro! Zveku. . .Ini zvangu, tine maitiro acho ose, eBhaibheri, nemazvo. Tine hanzu yese yakarukwa zvakanaka, vimbiso dzacho. Tinazvo zvese. Oo, isu takabhabhatidzwa, kuenda kasi. Uye tiri vaapostora chaivo. Takapfeka kutenda kwevaapostora. Tinotenda mukupodza kwaMwari. Tinotenda muna Mwari. Tinotenda muMasimba aMwari. Takabhabhatidza, muBhaibheri, nenzira inotaurwa neBhaibheri. Takagamuchira Mweya Mutsvene. Takataura nendimi. Tinoita zvose izvozvo.” Asi, hama, kana chiri icho chinhu chega chaunoda, uchaona chausinawo, zvakare, paunouya paJorodhani.

<sup>107</sup> Oo, unogona kudzidziswa. Unogona kunge wakangwara. Unogona kunge uine D.D., Chiremba weDivinity. Unogona kunge uine Ph.D., Chiremba wePhilosophy. Unogona kunge uine LL.D., Chiremba weLatin. Unogona kunge uine marudzi ese emadhigirii. Unogona kunge wakapfeka hanzu yechechi yeMethodist pauri. Unogona kunge wakapfeka hanzu yechechi yePentekosti pauri. Unogona kunge wakapfeka hanzu yeAssemblies pauri, kana yeOneness, kana veTriniti, kana chero zvazvingava. Inogova hanzu yekusiirwa, pakutanga kwacho, ndizvozvo, yedzimwe dzidziso dzezvitendero dzakaitwa nevanhu, dzakafungwa, nezvimwe zvakadaro; uye kunyangwe dai wanga uri Mukristu, uye chechi yanga iri yeChikristu, uye wakapfeka hanzu nemazvo.

<sup>108</sup> Asi Erisha, paakasimuka, achinyatsooneka, nevaporofita nevatsoropodzi vose vakazara mumhenderekedzo merwizi, vachiona izvo zvaazoita, zvino hoyo achiuya, achifamba akapfeka hanzu yaEria, oo, ini zvangu, hareruya, akadzidziswa neimwewo nzira, akadzidza, akazviisa pasi, anotenda, hapana chakaipa paari, ari kuuya zasi kuJorodhani, nyika yose yakamutarisa.

<sup>109</sup> O Mwari, tinozvida kwazvo izvozvo nhasi! Nevadzidzi vakawanda vakadzidziswa vakafunda; nevarume vazhinji vanokwanisa kubvarura Bhaibheri iri nokuRibatanidza pamwe chete, mumasvomhu; varume vazhinji vanogona kuita zvinhu zvikuru munzira dzekudzidzisa; vanoziva nhoroondo yeBhaibheri kusvika panguva ino chaiyo, vanogona kukuudza awa yakabatidzwa kenduru yacho, neawa yayakadzima. Vanogona kukuudza zvinhu zvose izvi. Uye ivo. . .Vane rubhabhatidzo rwemumvura. Vane rubhabhatidzo rwemweya, sezvavanorwudaidza kuti, hanzu. Vane zvinhu zvese zviru muhurongwa.

<sup>110</sup> Ndizvo zvakaitawo Erisha, asi paakadzika kuJorodhani, kuzotarisa nenyika inotsoropodza, akadanidzira kuti

kudii? “Aripiko Mwari waEria?” Yakanga isiri hanzu yaEria yakazviita. Rakanga riri Simba raMwari waEria, rakazviita.

<sup>111</sup> Uye chinhu chinodiwa nenyika mangwanani ano iSimba raMwari waEria. Unogona kunge wakataura nendimi ukadanidzira, ukamhanya pauriri. Asi chatinoda iSimba raMwari wePentekosti, kuunza hupenyu nezvinhu zvakararamwa muzuva iroro, musimba revaapostora.

<sup>112</sup> Hanzu yekusiirwa nemumwe yakanga yakanaka, asi aida kudanwa kutsva mumoyo make kubva kuna Mwari. Aida chizoro chitsva kubva kuna Mwari. Akanga akapfeka hanzu yekusiirwa paakasvika kurwizi, asi aida kudanwa patsva iye pachake kubva kuna Mwari, neSimba rekupiwa iye pachake naMwari, kuti aite chishamiso.

<sup>113</sup> Uye, hama yangu, usatya kukumbira Mwari chero chinhu. Unofanira kutotaurira Mwari, kana kukumbira Mwari, chero chinhu chaVakavimbisa. Nokuti, kana ndiri kukuzivisa Mwari vane masimba ose uye vane simba rose, uye kana ndiri muranda waMwari, ndinofanira kuita mabasa aMwari. Uye kana ndichiita mabasa aMwari, ndinofanira kutotaura kuna Mwari kuti vaite kuti zvinhu izvi zviitike, nokuti iVo vari kutoda kuti ini ndibuditse zvacho zvisingagoneki. Ndinofanira kuVakumbira. Ndinofanira kudana kwaVari, ndomira ipapo ndoti, “Mwari, Makazvivimbisa.” Ndizvowo nemi, munhu wese.

<sup>114</sup> “Muchagamuchira simba,” Mabasa 1:8, “mushure mokunge Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu.” Mushure mekunge Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu! Mushure mekunge wapfekedzwa hanzu seMukristu, mushure mekunge kutenda kwako kwaiswa muna Kristu, ipapo uchagamuchira simba. Hezvoka izvo. Hongu.

<sup>115</sup> Uye, hama, hanzvadzi, mumwe nomumwe wenyu, mangwanani ano, regai nditaure izvi ndisati ndanamatira vanorwara, regai nditaure izvi: Norubatsiro rwaMwari, ndinamatireiwo. Sekumira kwandakaita, makore 10 apfuura, papuratifomu ino, ndichiparidza pamusoro paDhavhidhi naGoriati, zvino haazi Goriati akandidziva ini, Mwari vamuuraya pamberi pangu, asi chinhu chakandidziva, kushaikwa kwekutenda, kushaikwa kwechimwe chinhu chandaiziva kuti chiripo.

<sup>116</sup> Zvino mangwanani ano, pamberi petabhenakeri ino diki zvakare, ndiri kudanidzira: aripiko Mwari akapa vimbiso iyi? Aripiko Mwari akasangana neni neizvi, mhiri uko? Huyai mberi, Mwari, mundipe hushingi. Ndipeiwo simba. Ndipeiwo pfungwa dzakatsunga, zvisinei kuti chii chinouya kana chinoenda. Chingataridzike kuve chakasviba, kana kutaridzika... Chero zvachatingave, enda mberi. Vimbiso ndeyechokwadi.

<sup>117</sup> Uye hama, hanzvadzi, rimwe ramazuva ano... Kunemi shamwari vatadzi muri pano mangwanani ano, nekunemi vanhu

vari kuedza kutevedzera chiKristu, unogona kunge uri wechechi, zvakanaka hazvo, handina chekutaaura ndichipesana nazvo, hapana chekupesana nedzidzo yako yakanaka, kana dzidzo yako yebhaibheri, handina chandinopesana nazvo, asi, oo, Mwari wacho aripiko?

118 Akanga asiri Eria, shure kwezvose. Akanga asiri Eria akazarura rwizi urwu. Yakanga isiri hanzu yake. Erisha akaitora kubva pafudzi rake. Akaipeta sezvakangoitwa naEria. Asi paakatanga kuedza kuivheyesa, pakanga pasina Simba ipapo. Zvino akabva adanidzira, achiziva kuti vaivepo Mwari pane imwe nzvimbo, “Varipiko Mwari vacho? Ari kupiko?” Zvino chimwe chinhu chinofanira kunge chakabata muporofita uyu, nekuti akaninira hanzu iyi ndokurova mvura, zvino yakazaruka kuenda kumativi. Uye pamberi pevafundisi vezuva iroro, pamberi pevatsoropodzi vezuva iroro, akayambuka Jorodhani, sezvakaite Eria pamberi pake.

119 Hatidi dzidziso; tinadzo. Asi tinoda Mwari waEria. Tinoda Simba raMwari waEria, kuti ridzoke muchechi medu. Simba rekuita kuti zvibate ipapo, nekudana Shoko raMwari, “Rakarurama,” zvisinei.

120 Uye tiri, munhu wose pano mangwanani ano, sevanhu, tiri munzira kuenda kuJorodhani. “Zvino akati asvika paJorodhani.” Iwe uchasvikawo ipapo, rimwe remangwanani ano kana humwe wehusiku huno.

121 Paakasvika paJorodhani, akanga achifamba semukundi. Asi, paakasvika paJorodhani, ndiwo wakava musiyano. Aiva akapfeka hanzu yekusiirwa. Mumwe munhu akanga amboipfeka. Asi yakanga iri hanzu yakanaka, uye aiziva kuti murume akanga ambopfeka hanzu iyi aiva chii.

122 Hama, hanzvadzi, mamwe emangwanani ano, ndinofanira kuuya zasi kuJorodhani.

123 Ndanga ndichifunga. Masikati ano, tiri kuenda zasi kwaHama neHanzvadzi Wright. Musavakanganwa. Rino izuva rekupembera jubheri remuchato wavo. Ndinotenda, chechi, vachazova ne—nesvusvuro yemasikati navo. Ndakanga ndichifunga, rimwe zuva: makore 50! Uye ndinovaona vari vaviri, vanyatsokura uye vakwegura. Ndakafunga, “Hongu, ndine makore 47.” Vakatochata makore 3 ndisati ndaberekwa.

124 Makore 47! Ndiri kufamba ndakananga kuJorodhani. Ndinofanira kusvika zasi ikoko. Ndinofanira kusvikako. Ndichatosvikako. Inogona kunge iri tsaona mumugwagwa. Ndinogona kudonha kubva mumhepo, ndiri mundege. Ndinogona kupfurwa, nemuseve wadhiyabhore pane imwe nzvimbo, ndofa. Handizive kuti ndichaenda sei. Asi, pane chinhu chimwe chete chandinoziva, ndiri kuendako, uye ndiri kufamba ndakananga kuJorodhani.

<sup>125</sup> Asi kana ndasvikako, ndinoda kuziva chinhu chimwe chete, kuti ndakapfekawo hanzu yekusirwa, zvakare. Handisi kuvimba neyangu, nekuti haina kunaka zvachose. Nokuti, Erisha paakangosimudza hanzu yaEria iyi, akabvarura yake kuita mamvemve ndokuikandira pasi. Uye ndizvo zvazvaiva pandakawana Kristu. Ndakazvibvarura ini pachangu, pfungwa dzangu, hupenzi hwangu, kanhu kangu kadiki kasina basa. Ndakafunga, pandaiva, muparidzi mudiki weBaptisti, ndakaita sekunge... Ndaive mumwe munhu. Asi, ndakazvidambura izvo; ndakapfeka hanzu yaKe. Zvino kana ndasvika kuJorodhani, ndinoda kuzviwana ndakaputirwa munguwo yaKe. Achatevera izvo. Uye tichasvika ikoko rimwe zuva.

Asi ngatinamatei kwechinguvana.

<sup>126</sup> Baba veKudenga, patiri pakufamba kwedu kuenda Jorodhani mangwanani ano, sevakundi, uye rimwe zuva, tinofanira kuratidza chinhu chinhu kuJorodhani iri, ndiko kuti, kurufu. Uye, oo, chichava chinhu chinotyisa zvakadini, kupatsanurwa kubva pana Mwari! Hatikwanise kuyambuka, kwete. Asi Erisha, paakasvikapo, akanga akapfeka hanzu yaErisha... hanzu yaEria. Zvino wakati abvisa hanzu iyi yaEria, murume akange achifadza pamberi peNyu, uye Makange mamugamuchira ndokumukwidza Kudenga pamwe neMi, zvino Erisha akanga afuka hanzu yake, saka akaratidza kuJorodhani, rufu, hanzu iyi yaEria, ikagamuchirwa, Jorodhani ndokuzaruka, iye akayambukira mhiri.

<sup>127</sup> Mwari vanodikanwa, rimwe zuva, tinofanira kudzikako. Hatigoni kuratidza mabasa edu akanaka; hatina kana. Hatigone kuratidza chero chinhu munyika. Ini handina kana chandinoda, chekuyedza kuratidza, asi ndinovimba zvizere mukukodzera kwaJesu. Imi makaMugamuchira, ndokuMumutsa kubva kuvakafa, uye Akaunzwa muHupo hwaMwari uye achagaramo nokusingaperi. Uye, Mwari, ndinoda kuratidza izvo kwaMuri, kuti ndinotenda maAri, uye ndinoMuda. Uye, nyasha dzaKe, Akatishongedza nehanzu yaKe. Uye ndinonamata, Baba, kuti Muchatibatsira zvino mumazuva ehondo. Uye apo vanhu vaMwari vanofanirwa kuita mabasa aMwari, ndinonamata kuti Muchaita kuti titore hanzu yaKristu, Simba reMweya Mutsvene, uye tigodana Mwari wacho aigara maAri. Zviiteiwo. MuZita raKristu tinozvikumbara.

<sup>128</sup> Zvino takakotamisa misoro yedu. Ndiri kungofungawo hangu, pano mangwanani ano, kana paine munhu ari kuyedza kufamba achidzika kuJorodhani, asina kupfeka hanzu iyi. Kana paine munhu usina hanzu iyi yaJesu Kristu paUri, uye kunyangwe yakambopfekwa imwe nguva neMwanakomana waMwari. Handizive, kana usinayo mangwanani ano, kana mukasimudza maoko enyu kuna Mwari muchiti, “Mwari vanodikanwa, nguva ino, ndinoda kuigamuchira.”


<sup>129</sup> Mwari vakuropafadzei, amai. Mumwe munhuzve, ungasimudza ruoko rwako? Mwari vakuropafadze, mwanakomana. Mumwe munhuzve, ungasimudza ruoko rwako? Mwari vakuropafadze, mukomana mudiki. Mwari vakuropafadze, mujaya. Mumwe munhuzve ungasimudza ruoko rwake? Mwari vakuropafadzei, kumashure uko, changamire.

<sup>130</sup> Ingozvitaura, “Nerubatsiro rwaMwari, mangwanani ano, ndinoda kusiya kuzviruramisa kwangu, pfungwa dzangu ini, nepfungwa dzangu dzemafaro pamwe nenguva huru, nechivi chandakararama machiri. Uye ndinoda kuti Kristu andipfekedze hanzu yaKe, mangwanani ano, kuti ndigoshandisa hanzu yaKe. Ndinoziva kuti ndiyo yaCho yakakwana.” Mwari vakuropafadze, mwanakomana. Mumwe munhuzve anoti, “Uye ndichangosimudza...”

<sup>131</sup> Iwe simudza ruoko rwako, uti, “Ndiri kuda zvino kugamuchira Mweya Mutsvene muhupenyu hwangu. Ndinoda kupfeka hanzu yekururama kwaKe. Pandinosvikako zuva iroro, handizozviratidza ini pachangu ndoti, ‘Manjeka, zvino, Munoziva ndakatengera mumwe munhu marasha. Ndakaita izvi.’” Zvakanaka, zvakanaka kwazvo, asi izvozvo... Chimwe chinhu chaitofanirwa kufa, kuti iwe ugorarama, uye unogona kuponeswa kuburikidza nechitiko ichocho bedzi. Ungasimudza ruoko rwako here? Woti, “Kristu, ndinosiya zvino nzira yangu ini. Ndinogamuchira nzira yeNyu. Ndinoda kuti Mundinzwirewo tsitsi kana ndasvika kumagumo enzira?” Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka.

Zvino tichava nemunamato.

<sup>132</sup> Zvino, Baba Vokudenga, Vakarurama, maoko 7, 8, 10 aenda mudenga. Handizive chimiro chavo. Munoziva zvose pamusoro pavo. Ini handizive. Asi vane zvinodikanwa pavari nhasi. Uye vanochedza kuti vane zvavari kushaiwa, uye vakagadzirira kuuya kuzogamuchira rubatsiro munguva yekutambudzika; kuona kuti, nguva huru yave pedyo zvino, mabhomba eatomiki, zvinhu zvikuru zvakatimirira.

<sup>133</sup> Uye ndinonamata, Baba voKudenga, kuti Mugaropafadza vanhu ava, uye nhasi isai ruoko rwenyu pamusoro pavo uye mubvise kusarurama kwavo kwose pamwe nekupokana. Uye dai varasa hanzu yavo yakare yokuzviruramisa pachavo yakadyiwa nezvipfukuto, iyo magwatakwata nezvikudyu, nezvipfukuto zvekutenda zvekuweya-mweya nezvemachechi-chechi, zvakadya zvika maburi mairi, uye (ivo) haichagoni kubata zvachose. Dai vakangoirasira kure, vonhanhavira kutora hanzu yaIshe Jesu. Voti, “Ndinovimba naYe. Ndinoziviputira, kwete mukururama kwangu ini, kana nepfungwa dzangu ini. Asi, kubva panguva ino zvichienda mberi, ndiri kuvimba neMi.” Itai kuti vaigamuchire, Baba, nokuti tinozvikumbara nemuZita raKristu. Amenii. 

56-1125M Hanzu Yekusiirwa Nemumwe  
Branham Tabhenakeri  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)